Накъыгъэм и 9-р ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэщ

Дэ фэркIэ догушхуэ

КIуэкIуэ Юрий зауэм и ветеранхэмрэ тылым щылэжьахэмрэ дыгъуасэ яхуэзащ

Накъыгъэм и 5-м КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ тылым щылэжьахэмрэ.

А МАХУЭМ къраГъэлъГъахэм ящыщщ Багъ Сэфудин. Ар Ростов, Белгород, Курск къалэхэм, Польшэм, Чехословакием щызэуащ. Берлин къэзыщтахэм ящыщщ. Асташовэ Любовь Сталинград къалэр зыхъумэхэм ящыщщ. Чернигов, Ворошиловград къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм ящыщщ. Аккобеков Исхьэкъ Белоруссием щызэуа партизанхэм яхэтащ. Бетрожк СультIан япэ Украинскэ фронтым хэту зауэр ирихьэкIащ. Кучуков Мэхьмуд Будапешт къалэр биим къыIэщIэзыгъэкIыжахэм ящыщщ, Герасименкэ Нинэ Сталинград деж щекIуэкIа зауэшхуэм хэтащ, ТекIуэныгъэм и махуэр Румыниием щигъэлъэпIащ. Дол Ахьмэд лъэсрыкIуэдзэ взводым и командирым и къуэдзэу Австриер хуит къэщIыжным щIэзэуащ. Хочуев Магомед Ленинград и IэшэлъашэхэмдежщекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ, а зауэхэм хэтащ, Днепр япэу зэпрыкIахэм ящыщщ Беран Юрий. Къанщауэ Мусэбий 115-нэ шуудзэ дивизием хэтащ, иужькIэ Кёнигсберг къэзыщтахэм ящыщщ. Къумал Исуф къыэзрыгуэкI сэлэту танкыдзэм къулыкIу щищIащ, Украин фронтым и 383-нэ фочауэ дивизием и 691-нэ полкым хэту Къырымыр фашистхэм биим къыIэщIэзыгъэкIыжахэм ящыщщ. Нало МутIэ Кавказ Ищхьэрэ фронтым Iутащ, Сапрыкинэ Расиесэ Налшык унэухуэ комбинатым илъэс 57-кIэ щылэжьащ.

«ПщIэ зыхуэсщI ветеранхэ, фэ просин нобэ фыузыншэу, фыжыджэру фызэрысльагъур си дежкIэ хуабжьу гуапэщ. Дэ фэркIэ догушхуэ. Фи щIэблэм зауэ Iэнатlэм лIыхъужьныгъэ щызэрахьащ. ЛIыгъэм, хахуагъэм, бэшэчагъым я щапхъэу, Хэкур фIыуэ лъагъунымкIэ, абы хуэпэжу щытыныжкIэ щапхъэу вгъэлъэгъуахэм ди бынхэр щIыдопIыкI. Фэ ноби щIалэгъуалэ гъэсэным жыджэру фыхэтщ. Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми я цIэкIэ сыныводхъуэхъу узынщагъэ, екъулIэныгъэ фиIэну, фи гъащIэр кIыхь хъуну» - заохуигъэзащ къызэхуэсахэм щIыналъэм и унафэщIым.

ЗэIущIэм хэтахэм зауэм и илъэсхэр, езыхэм якIуа гъэтIылъэр ягу къагъэкIыжащ. Къэпсэлъэхэм къыхагъэщащ Бахъсэн районым хиубыдэ «910-нэ лъагапIэ» зыфIаща щIыпIэр зыхъумахэм я фэеплъыр дэгъуэу зэрызэрагъэпэщыжар.

ЗэIущIэм хэтащ Зауэм, Лэжьыгъэ, IэщэкIэ ЗэщIэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыхьэубахъуэ Мухьэмэд, а зэгухьэныгъэм и Налшык къала къудамэм и унафэщI Абдулаев Мустэфа сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Егоровэ Татьянэ зэпымыуэ и нэIэ ятрегъэт

Хабзэ зэрыхъуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр ТекIуэныгъэм и махуэм ипэ къихуэу а гуфIэгъуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ езыхэм я нэIэм щIэт ветеранэм.

КъАПЩТЭМЭ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ ялъыгъуэзащ Ширшовэ Аннэ Петр и пхъум, зэщхьэгъусэхэу Юрковхэ Анатолий Григорий и къуэрэ Александрэ Василий и пхъумрэ.

- Накъыгъэм и 9-р нэхъ гуапагъэрэ хуабагъэрэ зыхэлъ махуэшхуэхэм ящыщщ. Ар дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и дежкIэ лъапIэщ, абы урысей цIыхухэм я щIэблэ псори зэхъуегъуэвэ икIи гушхуэныгъэ яхелъхэ. ТекIуэныгъэ Иныр къыэзрытхуэфхьам, дунейр фашизмэм къыэзревегъэлам папщIэ фронтым Iутахэми тылым щылэжьахэми сыныводхъуэхъу. Дэр папщIэ фэ псори фыслIыхъужь нэсщ икIи пщIэрэ щIыхьрэ фхуэфащщ. Си щхьэр лъахъшэу фхузогъэщхъ лIыхъужьныгъэ зэрызевхьам, мамырыгъэр къыэзрытхуэфхьам папщIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ икIи ветеранхэм узынщагъэ быдэ яIэну, я гъащIэр кIыхь хъуну ехъуэхъуащ.

Псалъэмакъ гуапэм хиубыдэу КъБР-м и Парламентым и спикерымрэ ветеранхэмрэ нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхуэгъэ зэхуаIуэтащ. Егоровэ Татьянэ нэхъыжьхэм жаIахэм едэIуа нэужь, къыхигъэщхьэхуэкIащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэр зыхъумахэм я псэукIэр efIэкIуэн папщIэ законхэр къыдэзыгъэкI органу и депутатхэм яхуэзэфIэкI псори зэралэжьынур.

ЗэIущIэм и кIэухым Егоровэ Татьянэ ветеранхэм фэеплъ тыгъэкъэмрэ удэ гъэгъахэмрэ яритащ. Ширшовэ Аннэ, апхуэдэу Юрковхэ я унагъуэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщым фIыщIэ кхуэхуащIащ зэпымыууэ и нэIэ зэратригъэтым папщIэ.

БАТЫР Любэ.

Нэхъыжьыфlхэр Бахъсэн щаlэт

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъу махуэшхуэм ипэ къихуэу ветеранхэм я унагъуэхэм ихьэурэ екъуэхъуащ икIи дэтхэнэми КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и цIэкIэ сом мин 20, район муниципалитетым къыбгъэдэкIыу сом мини 10 иратащ Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къанэмэт Рустам, КъБР-м и Правительствэм и деж Граждан щытыкIэхэмкIэ актэхэр тхыныжкIэ и управленэм и унафэщI ПIаз Юлие, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжкIэ район советым и тхьэмадэ Сэфан Руслан, районым и ветеранхэм я зегучьэныгъэм и тхьэмадэ Абаз Анатолий, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм щыщхэм, районым и къуажэхэм я Iэтащхьэхэр.

АХЪШЭМ щIыгъуу ветеранхэм тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, шхын щIэщыгъуэхэр, Iэфыкlэхэр хуашащ.

«ТекIуэныгъэ Иным и махуэм и лIыхъужь нэхъыщхьэхэр фэращ. Фи хахуагъэрщ къыкIэлъыкIуэ лIэщIыгъуэхэм мамырыгъэмрэ гъащIэ тэмэмымрэ хъахуэзэхьар, лэжьэну, тегушхуауэ япэкIэ кIуэтэну абыхэм Iэмал къезытар. Иджы фи бынхэр, фи бынхэм я быныжхэр фи лIыгъэр я гъуаззу тегушхуауэ япэкIэ мамкIуэ», - жиIащ ветеранхэм щехьуэхъум Къанэмэт Рустам.

ДЫГУЛЫБГЪУ Маринэ.
Бахъсэн щIыналъэ

КIУАЩ БетIал

ТекIуэныгъэм и махуэ

Гъэбырыб уи ныпхэр
Махуэм я нэхъыфI,
ЩIэзылъхьа
бий гупхэр,
Дыгъэ мыункIыфI.
Дыгъэм пшэр
пхисыкIыу
ЩIыр зыгъэнэхуауэ
Укъепсащ, гущыкI
Зауэр щIым тепхуауэ.
Сыт хуэдиз гуфIэгъуэ
ЩIыхухэм къахуэпхьа,
Сыт хуэдиз гуIэгъуэ
Уэ хьэдрыхэ пхьа?!
Сыт хуэдиз бынунэм
Адэр хэпшэжа!
Сыт хуэдиз лэгъунэм
Щауэ ипшэжа!
Зи щхьэр хэзылъхьахэр
Тхэткъым зигу
къэмыкI,
Анэм къапыхьахэр
Махуи дигу имыкI.

Пщащэу лъагъуныгъэ
Дапщэм ептыжа?
Дэ ди ТекIуэныгъэ,
Бэр дэзыхьжа.
Уэркъэ дуней иныр
МафIэм хэзыхар!
Полякыр, румыныр
ЛIэрт - хуэгумахар,
Фучик и лъэпкъ дахэр
Ем къезыгъэлар,
Петэн ища лъахэр
Хуит къэзыщIыжар.
Уэркъэ, ТекIуэныгъэ,
Гитлер кхъэ ищIа
Къэралым
лъэкIыныгъэ
Псэуну хуэзыщIар?!
Уэрщ а псор зи
фIыгъэр,
Дуней хейр
къохъуэхъу,
Уардэу ТекIуэныгъэ!
Сигуми жеIэр хъуэхъу!

Полк уахътыншэм и сатырхэм хэуэзнухэм гу зылъатапхъэ

Накъыгъэм и 9-м Налшык и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуэнущ Полк уахътыншэм хэтхэр. Абыхэм фахьхъэ фи Iыхьлы гъунэгъуэхэм ящыщу армэм, флотым и ветеранымыр, фашист хьэпсым щаIыгъам и сурэтыр фIыгъыу. Апхуэдэ парадым зэи къыхэмыхьэжыну нэхъыжьым и фэеплъыр щыгъэлъапIэ.



ГУПЫР сыхьэти 10-м щегъэжьауэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унэм деж щызэхэуву щIадзэнущ, я гупэр Толстойм и уэрамыкIэ хуэгъэзауэ. Сыхьэт 11-м къежьэнуэр, Лениным и уэрамым тетуэр Зэгурыуэныгъэ утым къызэпрыкIынущ икIи Балъкъэр уэрамым нэс кIуэнущ.

ДынывольэIу мы Iуэхур зэщIэзыгъэуIуэну зи пщэ иралъхьаХэм къагъэувхэр вгъэзэщIэну.

ФызэщIэупщIэн щыIэмэ, фепсалъэ хъунущ Битокъу Маринэ (телефоныр **8928619946**), Романовская Аннэ (**89034266101**), Челикин Артём (**89289141784**), Битокъу Тамарэ (**89280819914**), Сарбашевэ Iэминэ (**89280776783**).

Ныбжьыщlэ 72-рэ ягъэлъапlэ

Министр Тюбеев Альберт

Налшык къалэм дэт «Синдика» хьэщIэщым дыгъуасэ щрагъэкIуэкIащ «Сабийхэм ТекIуэныгъэм теухуа сурэтхэр ящI» республикэ зэпеуэм къриКIуар къыщыщэщIакъуэж зэхьыхьэр.

КъЭРАЛЫМ ТекIуэныгъэ Иныр къыэзрихьрэ мы гъэм илъэс 72-рэ зэрырикъур щагъэлъэпIэну махуэшхуэм ирихьэлIэу, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ зэгъусэу къыэзрагъэпэща зэхьэзэхуэм хэтащ республикэм и районхэ псоми щыщ ныбжьыщIэ 72-рэ.

ЦIыкIуэм Накъыгъэм и 9-м трауха я Iэдакъэщ Iэкlэхэр ягъэлъэгъуащ, иужькIэ пшыхь дахэ абы иращIэкIащ. КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** жиIащ апхуэдэ Iуэхухэр щIэхщIэхыурэ къыэзрагъэпэщыну сыт щыгъуи зэрыхущIэкъур, щIэблэм дежкIэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. «Дыхуейт ди сабийхэм зэпымыву мамыр гъащIэ яIэну, ди адэшхуэхэм яльэгъуа, я псэр зыщIата зауэм хуэдэ ямылъагъуну. ЛIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, ТекIуэныгъэ Иным и лъапIагъэр ди цIыкIухэм зэрызыхащIэр ди зэпеуэм къигъэлъэгъуащ. Зэчий къыэзрымыкIуэхэр зиIэ ныбжьыщIэхэр ди мащIэкъэыми, абыхэм я ехъулIныгъэ дапэкIи тлъагъуну ди гуапэщ», - жиIащ Тюбеевым.

НыбжьыщIэхэм я зэхьхьэр хуагъэдахэу, уэрэдхэмкIэ яхуэупсащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Текуев Амур, «Голос. Дети» урысейпсо зэпеуэм етIуанэ увыпIэ къыщыщIыхьа Хекилаевэ Денизэ, Чыл Амир цIыкIу сымэ, нэгъуэщIхэми.

Iыхьищу гуэшауэ щыта зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ къыщыщхэжаныкIахэмрэ саугъэтхэр ираташ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

ЧАЛЫЗ ПСАЛЪЭ

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№82-83 (23.491) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Обозревателым и псалъэ

Ар пхуэгъэулъиинукъым

Иужь зэманым зы телъыджэ къэхъуащ: ар совет цIыхухэм 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа хуабжьу ТекIуэныгъэ Иныр ягъэулъиину языныкъуэхэр зэрыхущIэкъуриц. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къуэлэпсым дежьу урысей журналистхэри щыIащ. Ауэ ТекIуэныгъэ Иным и мыхьэнэр тхыдэм зэрыхэмыгъуэщэжынур белджылыщ.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щIидза иужькIэ СССР-р хущIэкъуащ къару фIыцIэу къежьа икIи Европэ псор лъэгуажьэмыщхьэу зыгъэува гитлерыдзэм и бий бэнэныгъэм Инджылызымрэ Франджымрэ щакъуэувну. Арщхьэкlэ модрейхэм нэгъуэщI мурадхэр яIэт. Аэр иджыри Совет Союзым къыхуэдзэлашэрт икIи щыгугъырт езыхэм фашист Германиер IумпIафIэ ящIыну. Арати, утыкум къина ди къэралым Гитлер ирищIылIэн хуей хъуащ зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэ. Иджы куэдым ар Урысейм къраудэкIыж, ауэ абыхэм жаIэркъым апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ дыдэ Лондони, Парижи, нэхъипэIуэкIэ Берлин иращIылIауэ зэрыщытар.

Сыт хуэдэу щытами СССР-м хузэфIэкIащ бийр кыщытеузну пIалъэр игъэIэпхъуэну, арщхьэкIэ хунэсакъым Iэщащ1экIэ ирикъуу зыщIиуздэну. Гитлери къыгурыIуэрт зигъэгувэ зэрымыхъунур.

Арати, 1941 гъэм мэкъауэгъэуам и 22-м и нэхущым фашистыдзэхэр СССР-м и гъунапкъэхэм къыщебгъэрыкIуащ, тенджызэ ФIыщIэм къыщыщIэдзауэ Баренцевэ тенджызым нэсыху. Континентыр къыщIэуэм, зауэм хуэIэзэ хъуа гитлерыдзэм пэщIэувa ди сэлэтхэр къикIуэтын хуей хъурт. Совет Союзым и къалэ, къуажэ куэд пIалъэ кIэщIым бийм яIэрыхьат. АрщхьэкIэ зи щхьэ зымыгъэщхъыу, сыт хуэдэ гугъуехьми пимыкIуэту къэгъуэгурыкIуэ къэралым и цIыхухэр къэтIэсхьакъым. ЗэпэщIэтыныгъэр кIуэ пэтми нэхъ гуащIэ хъурт. Псом япэу бийм ар щызыхищIащ Мэзкуу и Iэгъуэблагъэм. Абдежым фашистхэр зэрыщрахужьэжар уващ EтIуанэ дунейпсо зауэр зэрыщIидзэр нэмыцэхэм ятехуа апэ удныншхуэу. Сталинград деж фельдмаршал Паулюс мини 100-м щIигъу фашистыдзэр гъэру щита иужь, белджылы къэхъуащ Хэку зауэшхуэм и екIуэкIыкIэм зэрызихъуэжар. А ТекIуэныгъэшхуэми, иужькIэ советыдзэм къиха нэгъуэщI ехъулIныгъэшхуэхэми цIыхухэр фIыуэ щыгъуазэщ. ИкIэм-икIэжьым Берлин къащтащ, Гитлер зиукIыжащ. Иджы, езыр и къэралым и щIыналъэм къыдэкIуэу Европэ псор хуит къэзыщIыжа ди зауэлI гъуэзэджэхэм къаха ТекIуэныгъэ Иныр фагъуэ ящIыну хущIэкъухэм дыщIыэзэгуагъэпри аращ. Арщхьэкlэ тхыдэм упэщIэувэфынукъым, абы псорэ я пIэ ирегъэувэж.

ШАЛ Мухьэмэд.

«Белэмыкъуэ»

● Тхылъыщlэ

«Печатный двор» ООО-м иджы дыдэ къыщыдэкIащ Курп Ищхьэрэ (Къанщуей) къуажэм щыщ, Налшык къалэм щыпсэу КIэрашэ Михаил «Белэмыкъуэ» зыфIищащ и япэ тхылъыр.

ПЭЖЬЫГЪЭМ абы къыщыIуэтэжащ къыщыхъуа хьэблэм, и нэгу щIэкIаxэм, зыхуэзэ щIыху хьэлэмэтхэм ятеухуа гукъэкIыжхэр. «Белэмыкъуэр» урысыбзэрэ адыгэбзэкIэ зэхэгъэуващ, Iыхьиплну гуэшащ икIи рассказ жыпхъэм итщ. Щэч хэмылъу, абы утемызашэу нэхъ ещанэгъуафIэ ар ещI. ЕплIанэ Iыхьэр сурэтхэм хухихащ, ар тыгъэфI яхуэхъуну къыщIэкIынущ. КIэрашэ лъэпкъми тхьапшэ зи хьыбар щиIуатэхэми.

«Белэмыкъуэр» зи Iэдакъэщ1экI КIэрашэ Михаил Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iуту илъэс 45-кIэ медицинэм щылэжьащ. Ар Тэрч къалэм пIалъэ къызыхэкI мыхъуну дэIэпыкъунрэ псынщIэм, Налшык къалэм санавиацэмкIэ дохутыру щытащ, зэман зэхуэмыдэхэм Къэзан, Тэрч, Налшык къалэхэм анестезиолог-реаниматолог лэжьыгъэр щрихьэкIащ, иужькIэ Креванрэ Налшыкрэ психиатр-наркологыгъэ щылэжьащ. КIэрашэр КъБР-м и наркологие диспансерым наркологиемкIэ, гипербароческэ оксигенацэмкIэ и къудамэхэм я унафэщIу щытащ. КIэрашэм мы тхылъым я гугъу щещI дохутыр къыдэлэжьахэми.

Михаилрэ и щхьэгъусэ Заремэрэ (Багъэтырхэ япхъущ) къуитI зэдапIащ, иджы я къэрыпхъухэр я гуфIэгъуэщ. ТекIуэныгъэ Иныр къэралым щыщагъэпIапIэ махуэшхуэм зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу КIэрашэ Михаил дохъуэхъу и тхылъыщIэмкIи Накъыгъэм и 9 махуэшхуэмкIи. ДызэрыщыгъуаззмкIэ, КIэрашэм и мурадщ я лъэпкъым и тхыдэм теухуа тхылъ къыдигъэкIыну. Ар къехъулIну, узыншагъэ иIэну ди гуапэщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Футбол

Псори фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизион
ЩэщIрэ етхуанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Химки»
Налшык. «Спартак» стадион.
Накъыгъэм и 6.
Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Байсултанов Алим Юсуф и къуэ

Диденкэ Николай Матвей и къуэ

Иуан Хьэсэн Тіалиб и къуэ

Иллазаров Исай Иллазар и къуэ

Къанкъуэщ Ахьмэдхьан Тіалэ и къуэ

Къуэныкъуей Назир Тыпіу къуэ

Узыгъэгушхуэмрэ узыгъэпІейтеймрэ

● Іуэху еплъыкІэ

Гъащіэм нэхъ шынагъуэ дыдэу къыщыхъу Іуэхугъуэхэм ящыщщ зауэр. Ар щыІащ, щыІэщ, икІи, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыІэнущ. Къапщтэмэ, цІыхур къызэригъэщІрэ къыдогъуэгурыкІуэ а Іуэхугъуэхэр - иужьрей илъэс мини 5,5-м къриубыдэу цІыху меларди 3,5-м я гъащіэр зыхьа зауэ мин 15 екІуэкІащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, абыхэм я нэхъыбэр си кьару илъыгъуэ, зи псэугъуэ цІыху узыншэхэт. Тхыдэм нэхъ зауэ гуащІэ дыдэу къыхэщыжьри ЕтІуанэ дунейпсо зауэращ.

ДЭРКІЭ щыІар зы зауэшхуэщ - лъэпкъ псор зэкъуэту ди хэкур щытхъумэжаращ, нэмыщ зэрыпхъуакІуэхэр зэхэткъутэу. А зэманым дуней псом къыщащІат Совет Союзым щыпсэу цІыхухэр зэрыкахуэр, зэрыхэкупсэр, лІыгъэ зэрахэлъыр.

Совет Союзым щыщ дэтхэнэ лъэпкъри и кьару къыззэрихьІэ бийм пэщІэтащ. Абы теухуауэ тхылъ куэд ятхыжри, кинофильм бжыгъэншэхэри трахыжащ. КъытщІэхъуэ щІэблэм ящыгъупщэ хъунукъым а зауэ гуащІэм ди адэжьхэм лІыгъэу щызэрахьар.

Гу лъытапхъэщ, 1939 - 1945 гъэхэм екІуэкІа зауэм цІыху мелуан 60 хэкІуэдамэ, абыхэм ящыщу мелуан 27-р Совет Союзым зэрейр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, фронтым кІуахэм я зэхуэдитІым кьагъэзэжакъым. Ди республикэр Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр цІыху минным хуэзэу зыхуагъэфэщахэм я бжыгъэмкІэ адрей щыналъэхэм япэ ищат. Сыщалъхуа кьуажэжьыр, Зеикъуэ, къапщтэмэ, зауэлІ хахуэ куэд кьыдэкІащ. Я цІэ къислІэуну сыхуейт Щомахуэ Мэхмуд, Шэфий Хьэчим, Дыкъыпэ Зураб, Маршэнкъуэ Лэбий, Унэж Наурыз сымэ. Си щхьэкІэ сропагэ Хэкур зыхъумахэм си унэкъуэщ куэд зэрыхэтам. Си адэр - Унэж Хьэждаут - снайперу щыІащ зауэм. Ди къуажэм дэс Унэжхэм ящыщу 10-м къагъэзэжакъым.

Ди нобэм щхьэкІэ си псэр зытахэр дощІэж, ди гум илъщ, дропагэ. Ауэ а псоми нэгъуэщІынэкІэ сыкъеплъыну сыхуейт, зауэм хэтахэмрэ абыхэм я щІэблэмрэ зрихьэлІа гугъуехьхэм нобэрей гупсысэкІэкІэ сриплъэу.

Ялэрауэ, Хрущёв и зэман лъандэрэ, куэдым Сталиныр ягъэнэхъыкІэну хэтщ, абы Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэр къыщыхъыпапщІэ илэжьамрэ къэралыр зэрызэрихьамрэ пщІэ лъэпкъи хуамыщІу. Сэ сызэрегупсысымкІэ, Сталиным утепсэлъыхьми, лъэныкъуитКІэщ и гугъу зэрыщІыхуейр: политикэ Іуэхукіэ цІыхухэм лей къаззрытехьамкІэ къуаншэу зэрыщытамрэ 20-нэ лІэщІыгъуэм и узэщІакІуэ, унафэщІ, дзэзешэ тельыджэу зэрызыкъигъэлъэгъуамрэ. Пэжщ, куэдым залымыгъэ ярихащ, абы и унафэкІэ цІыху минкъым икІи минитІкъым кІуэдар, ауэ абыкІэ къуаншэр Сталин и закъуэкъым, «бийрэ» «социализмэм хуэпэжрэ» жаІэу лъэпкъыр зыхэзыдзу щыта щІыпІэ унафэщІхэми я Іыхьэ хэлъщ къэкІуэкІа залымыгъэм. Дэтхэнэ зыми и Іуэхум хэплъэу, и къуаншагъэр зригъащІэу щысыну Сталиным хуэзфІэкІынутэкъым. Пэжыр пэжщ, фашизмыр зыгъэкІуэдар, дуней псор зэрыпхъуакІуэхэм щызыхъумар Сталинщ. Абы и закъуэкъым, къэрал зэхэзэрыхьам и тет щыхъум, илъэс 20-м кьриубыдэу СССР-м къыхищыкІат дуней псор зэхъуапсэ щыналъэ зызыужьа. Иужьки, зауэм зэхикъута щыІэкІэ-псэуКІэмрэ гъащІэмрэ зэтриГъэувэжыну хуэзфІэкІащ. Куэдым я гугъат СССР-м щІэх зыкъыхуэмыужьыжьну, ауэ Сталиным илъэс зыбжанэм кьриубыдэу заводхэри, фабрикэхэри, еджапІэхэри, щІэныгъэ ІуэхущІапІэхэри къиІэтыжащ, егъэджакІуэхэм, щІэныгъэрылажьэхэм улахуэфІ къахьыу, пенсэ кІуахэр къратымкІэ арэзыуэ гъащІэр зэтриухуэжьыфащ. Дауи, ныкъусаныгъэхэри мащІэтэкъым - Сталиным идэртэкъым цІыхур и щхьэ хуэлэжьэжу, атІэ зы экономическэ-социалистическэ Іуэху щІэкІэ яшэщІам псори тетын хуейуэ арат, демократием зыри тепсэлъыхьыхэтэкъым. Апхуэдэ жыпхъэм иубыда къулыкъущІэхэм быдэу къагурыІуэрт къэралымрэ цІыхубэмрэ ехьэлІауэ я пщэ къыдэхуа къалэныр зыхуэдизыр, пщэрыль щащІам пэмыльэщмэ, абы кърикІуэнур. ЦІыху къыззрыгуэкІым зыхищІэрт къэралыр къызэрытеубгъуар, къызэрыхуэлажьэр: ерыскъыпхъэхэм я уасэм кІэрагъэху зэпытт, еджапІэмрэ лэжьапІэмрэ пэрыхьэтт, улахуэр инт. Зауэшхуэм текІуэныгъэр къыщызыхьа къэралым зиужьыжьырт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Сталиныр дунейм ехьжа нэужь, гугъу ехьу зэрагъэпэщыжа къэралыр Хрущёв Никитэ зэхигъэзэрыхьажащ: цІыхуэр зэгурымыІуэж хъуащ, экономикэр къызэтеувыІащ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, зауэм хэтахэри, фызабэу къэнахэри, зеиншэхэри мелуан бжыгъэкІэ утыку кьинат.

Абы лъандэрэ къэралым хуэфащэну зыкъыхуэІэтыжкъым, фашистхэм текІуа лъэпкъыр фэншэ хъуащ, и пщІэр ираудыхащ, зыми щымыщу къэнащ.

А псори зэуэ къэхъуакъым, нобэрей-ныжэбэрей Іуэхукъым. Ауэ сэ бидзу си фІэщ мэхъу Президент Путин Владимир къэралыр щыхупІэм къыщыхэщинщыну. Ди цІыхухэм къызэралъытэмкІэ, Іулъхьэращ къэралым зезымыгъэужьыр. Ар къэгъэуэвыІэным нэхъ къалэнышхуэ щыІэкъыми, дыщыгугъынщ Президентым и псалъэр къулыкъущІэ псоми зэхахыну. Путиныр унафэщІ губзыгъэщ, щыпкъэщ, цІыхугъэ зыхэлъщ. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ сымаджэ хьэлъэ щыхъуам, и къэрал Іуэхуэхэр иригъэкІуэтэкІри, щІэупщІакІуэ къыхэкІат. Ар ди цІыхухэм хуабжьу я гуапэ хъуауэ щытащ.

Сэ революцІэхэм, лей зезыхьэхэм, залымыгъэм сритлъхьэкъым. Ауэ сыхуейт ди цІыхухэм лей къаззрытехьэм гу лъатэну. Хэку зауэшхуэм хэтауэ, нобэ къытхуэнэжа ветеран закъуэтІакъуэхэр тхьэмыщкІэу, гъэсынпхъэм щІатыну сомым егупсысу, я пенсэ мащІэр яхуримыкъуу щытын хуейтэкъым. ЖыпІэнураКъэ, ТекІуэныгъэ Иныр зи фыгъэхэм апхуэдэ псэукІэ яхуэфащэкъым. Псоми сынывохъуэхъу ТекІуэныгъэмкІэ!

УНЭЖ Кашиф,
КъБКъУ-м и профессор, философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ.

Зауэм хэтахэм - хъуэхъу!

«ТекІуэныгъэм и махуэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэм дохъуэхъу. Псом япэ - зауэм хэта лІыхъужьхэмрэ зи къарум емыбла унэрыс лэжьакІуэхэмрэ. Ахэращ фашист зэрыпхъуакІуэхэм ди Хэкур кьелыным хэлъхьэныгъэм я нэхъ иныр хуэзыщІахэр.

Зауэм хэтахэр дывгъэгъэлъапІэ -
Хуитыныгъэр къыдэзытыжахэр.
А илъэс гуащІэхэр блэкІами,
Абыхэм ноби дэ дахуэныкъуэщ.

Куэдрэ зауэм хэтахэр уолъагъу
ЩІхьэгъубжэнэ зэвхэм къыдэплъу,
ГукъэкІыжхэм яхуза псэр
Шэ зытехуа Іэпкльпэпкым худэкъэ?!

Іэнэхэр фыуэзд ерыскъым фелІалІэу,
Псалъэ гуапэхэми фыщымысхь.
Тхьэм дыщихъумэ, ауэ хэкур
гузэвэгъуэ хэхуэмэ,
Ахэращ япэу Іэщэ къэзыщтэнур.

ТекІуэныгъэм и махуэмкІэ Урысеймрэ ди хэкуу Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ дохъуэхъу!

ПщІэ къыфхуэзыщІ КъБР-м и комсомолым и ветеранхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакІуэхэм я махуэшхуэ

Ди лэжьэгъу лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым и правленэр республикэм и электрон хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я журналистхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, телевиденэм еплъхэмрэ радиом едаІуэхэмрэ и гуапэу йохъуэхъу юбилей лъапІэмкІэ - Къэбэрдей-Балъкъэр радиор илъэс 90, телевещанэр илъэс 60 зэрырикъумкІэ.

Ди къэралыгъуэр зэтегъэувэнымкІэ, адыгэ, балъкъэр литературэ бзэхэм зегъэужьынымкІэ, ди Іуэрыіуатэр хъумэжьнымкІэ, литературэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом къыпхуэмылъытэным хуэдизу лэжьыгъэ зэфІигъэкІащ. «ТхылъымпІэм темыт» газетыр унагъуэ псоми ихьэрт икІи абыхэм иц дэтхэнэ зыми нэхъ тэмэму зыхищІэн бзэ къыхуиГуэтырт, цІыхухэм я псэр лъагъунигъэм, езым хуэдэ цІыхум пщІэ хэзщІыным хуиГъэуштырт, псэукІэ нэхъыфІ зэтеухуэным хуэгъэза лэжьыгъэм тригъэгушхуэрт. Апхуэдэ къалэнхэр ноби фогъэзащІэ.

Иджыпсту радиом телеканалу щы щыІэщ. Зыр зыхунэмысар адрейм зэфІигъэкІыу фызэдэлажьэурэ, фэ зи чэзу икІи пэжыгъэ зыхэлъ информацэр хэлъщІыІу фощІ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэр зэкъуэгъэувэным, мамырыгъэмрэ лъэпкъ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным фи къарур ивохьэлІэ, ди анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ лъэпкъ щэнхабзэр япэкІэ гъэкІуэтэнымрэ фогугъу. Фхэлъ ерыщагъэбымрэ шыІэныгъэмрэ, фрыщалъхуа республикэм сытым дежи фызэрытегъуэзвыхьым радиом едаІуэхэмрэ телевиденэм еплъхэмрэ я щІыхьымрэ пщІэмрэ къыхфхуахьащ.

Дэ дрогушхуэ творческэ Іуэхущіапіэхэм политикэ, социальнэ Іуэху нэхъ гугъу дыдэхэр пэжыгъэ хэлъу къэзыгъэлъэгъуэф, цІыхубэм, тележурналистхэм я щІэблэ нэхъыжьым щыщхэм зэтрагъэува хабзэхэм журналист гупхэр щыІэ зэрыхъуам.

Союзым хэт цІыху щитхум я цІэкІэ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэр республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакІуэхэм йохъуэхъу адэкІи лэжьыгъэ купщІафІэ ирагъэкІуэкІыну, зэманым екІуу, уеблэмэ абы япэ щищ къэхъуу адэкІи псэуну. Фэ вгъэхьэзыр дэтхэнэ зы программэри гъэщІэгъуэну, къыкІэлъыкІуэ дэтхэнэри нэхъ купщІафІэу, творческэ тегушхуэныгъэ, ехъулІэныгъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэу фекІуэкІыну ди гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я союзым и правленэ.


Зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Налшык паркым итырщ.

Мы вспоминаем

Накъыгъэм и 6, щэбэт

♦**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапІэ къыщыІэзэІуахащ.

♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Бреслау быдапІэр (иджы - Польшэм ихьэ Вроцлав къалэрщ) нэмыцІэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦Адыгэ тхыдэдж, узэщІакІуэ **Долэт-Джэрий Султан** къызэралъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къхъухлъатэзехуэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Гастеллэ Николай** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, социологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **Мхъэцэ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м поцт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІу лэжьа **Шурдым Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 7, тхьэмахуэ

♦**Радиом, связым и ІэнатІэ псоми я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда и Къэрухэр къыщыізэрагъэпэща махуэщ**

♦**1895 гъэм** урыс инженер Попов Александр япэ радиоприёмник къигупсысащ.

♦**1927 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и япэ нэтынхэм щІидзащ.

♦**1985 гъэм** Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

♦**1990 гъэм** КъБР-м и Адыгэ Хасэ жьлагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІыхь зиІэ и агроном **Чэгъэду Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня** къыщалъхуа махуэщ.

♦Сурэтыщі **Пщыхьэщіэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 8, блыщхьэ

♦**Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ ЩхьуантІэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1945 гъэм** фашист Германием псалъэмакъыншэу зыкъызэритыр къыщыгъэлъэгъуа актым Іэ традзащ.

♦**1949 гъэм** Берлин къалэм и Трептов-паркым къыщызэІуахащ а къалэм щыхьІэда совет сэлэтхэм я фэеплъ.

♦**1967 гъэм** «Сэлэт МыщІыхум и Фэеплъ» архитектурнэ ансамблыр Кремлым и блыным деж къыщызэІуахащ.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Нэгуей Беслъэн** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Олимп чемпион **Шыхъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къущхьэ Хьэсбий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 9, гъубж

♦**ТЕКІУЭНЫГЪЭМ И МАХУЭЩ**

♦**1944 гъэм** Севастополь къалэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1945 гъэм** ягъэуващ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекІуам папщІэ» медалыр.

♦**1945 гъэм** советыдзэхэм хуит къащІыжащ Чехословакием и щыхьэр Прагэ.

♦**1994 гъэм** Жуковым и орденымрэ Жуковым и медалымрэ ягъэуващ.

♦**2006 гъэм** Урысейм къыщащтащ «Дзэ щІыхьым и къалэ» щІэ лъапІэр.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мыд Хьэжмусэ** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Куэстэнэ Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Адыгей драматург, прозаик **Щхьэплъокъуэ Хьисэ** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, композитор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта **Окуджавэ Булат** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Ефэнды Батий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Пэнагуэ Азэмэтджэрий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 10, бэрэжьей

♦Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къуэныкъуей Назир** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ХьэІупщы Лолэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакІуэ **ХьэцІыкіу Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦ЖылагъуэлэжьакІуэ, Бахъсэн щыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа **Шапсыгъ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ **Къуныжь ХьэІишэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.

Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэ

Кузнецов Георгий Андрей и къуэ


Мэсей Аслъэнджэрий Ехья и къуэ

Яхэгуауэ Михаил Уэрдэщыкъуэ и къуэ


Тамбий Владимир Григорий и къуэ

Уммаев Мухьэжыр Мыхьэмэт-Джэрий и къуэ

Танкым телъ удз гъэгъахэр



Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэм и гъащIэр ещхьт вагъуэжьым - махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Дэфтэрхэм яхъумащ абы сыхьэтихым кьриубыдэу и танкымкIэ нэмыцэ фашисту 50-м щIигъу зэриукIар, топу 5 зэрикъутар, къуентхэыу танки 7, топу 13, автомашинэу 78-рэ дыдейхэм къаIэрыхьэным зэрыхэлIыфIыхьар...

СОВЕТ Союзым и ЛIыхъжь Къардэн Къэбард теухуауэ щыIэ тхыльхэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ адыгэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагъу, къэбгъэлъагъуэмэ, урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Гарин Фабиан и тхыльым, 1963 гъэм Москва къыщыдэкIам, «Танкым телъ удз гъэгъахэр» зыфIищам. Абы къыхэтхащ мы пычыгъэ цIыкIур.

* * *

- НЫБЖЬЭГЪУ Къардэн, уэ нэхъыфIу зыкъэдгъэцIыхуп, - жиIащ Боровицкэм.

ЩIым щыс сэлэтхэм къахэтэджыкIащ щIалэ къуэгъу, зи нэкIур дыгъэм къамылыфэу ижьар. Нэрылъагъут ар зэрыпIейтейр. КIэщI дыдэуи къиуэтащ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къыхэрыщалъхуар, мэлыхьуэу зэрылъэжьар, къалэшхуэ ильагъуну, ебджэну зэрыщIэхъуэпсар.

- СыноупщIыну сыхуейт, - къэIуащ Кульдин и макъыр. - Уи сыт Совет Союзым и ЛIыхъжь хъуа Къардэн Къубатий?

- Си къуэшщ, - жиIащ щэхуу Къэбард.

Сэлэтхэр нэ гуапэкIэ еплъащ я ныбжьэгъум. Комбатым жиIэнIауэ хэтащ. Ауэ а напIэзыпIэм макъ лъагэкIэ зыгуэр къэджащ:

- ПсынщIэу фи машинэхэм фитIысхьэж!

Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу зауэм и мафIэр щIэрыщIэу къызэщIэнащ... Танкищэхэр, кхъухьлъатищэхэр, топищэхэр зэщIэгъуахъуэрт. МафIэм исырт машинэхэр, псэуплI унэхэр, шыгу зэщIэщIахэр, цIыху куэд. ПшагъуэмрэIугъуэмрэ зэхэтым ярейуэ, зэуапIэр кIыфI хъуат, шэ зэмыфэгъу зельатэхэр къыхэлыдыкIыу... Бийр зы километркIи къэкIуэтэфакъым. Ихъурея-гъкIэ щыплъагъурт нэмыцэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэр, мафIэ бзийр зыщхьэщыт танкхэр...

Къардэн Къэбард егупсысырт бийм ебгъэрыкIуэу, я быдапIэр зэрызэпхитхъыным, адрей танкхэм гъуэгу зэрахуищIыным. Машинэр зыгъакIуэр старшина Трохинт. Къардэным и танкым и ужь итт Дегтярёв, Бондарь сымэ зи унафэщIхэри... Бийм ди танкхэр здикIыну и гугъэр ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэти, абыкIэ зыщагъэбыдат, фIыуи загъэхьэзырат. Ар къыгурыIуэри, Трохиным унафэ хуищIащ шоссем текIыу губгъуэ гъуэгумкIэ игъэшыну. Дегтярёв, Бондарь сыми къащIащ Къардэныр зыхущIэкъур. Ди танкхэр, лъэгумкIэ яунэтIри, къуажэм дэмыхьэу, кхъухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ екIуэкIащ, зыкъагъаззэри, къызздилъащ.

- Гъуэжькуийм хуэдэу, - кIиящ Къэбард, Трохиным зыхуигъаззэри, - бийм дытуэрри, хьэбзэсабэ дощI!

Къуажэм къыззрыдэхутэу къалъэгъуащ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ загъэзауэ танкищ щыту. Къардэнрэ еуэри, зым Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщыуващ. Дегтярёв игъэсащ етIуанэрей танкыр. Ещанэм зыкъигъэзэну хэтащ, ауэ хунэсакъым. Абыи техущ Къэбард и топышэр.

Абдежым лъэныкъуэкIэ къыкъуэкIащ «фердинанд» зыбжанэ. Къардэным и танкым къытелъэлъащ топышэр. Матюшкиныр уIэгъэ хьэлъэ хъуат, ауэ абы хуэзфIэкIащ топыр иуэздыну. Къэбард и Iэр къиIэтри, къыхэщIэукIащ - лъыпсыр къыпыжыр...

- Къызэт бронебойнэр! - еджащ ар Матюшкиным.

Ауэ абы зыкъигъэхъеижьфыртэкъым. И къару псори зыхилъхьэри, топышэр къищтащ, ерагъыу топыр иуэздри, нэмыцэ танкым еуащ. Матюшкиным иужькIэ джэлащ Зайцевыр. Трохиным, адэ-мыдэкIэ зригъэгъазэуэрэ, гъуанэу блы зиIэ хъуа танкыр япэкIэ игъакIуэрт. Къардэным, къару телъыджэ гуэркэр къыхьхьэжауэ, топыр иуэздурэ игъауэрт.

Еянэрей топышэр къыщытехуэм, Къэбард и нэхэр щыункIыфIыкIащ, псэкIэ зыхищIащ и гур удыным зэгуиудауэ лъыр уэру зэрыщIэжыр... А напIэзыпIэм къыззихащ Бочковскэм и танкхэри къызэрысар, фашистхэр зэрикIуэтыр...

Бийм зэуэныр щигъэтри, гъэру зыкъитащ. Къуажэдэсхэр гъуанэпщIанэ хъуа совет танкым деж щызэхуэсащ. УкIыгъэ хъуа сэлэтиплIыр къыщрахьи, фызыжьхэр, сабийхэр зэщIэгъуэгащ...

Мыгувэу ди танкхэр япэкIэ кIуэтащ. Бийр икIуэтыжырт...

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Шурдым КIэмац ПIатI и къуэр къызэрыгуэкI цIыхут, зэ IуплъэгъуэкIэ. Зеикъуэ къуажэм дэсхэм нобэр къыздэсым, ар гуапэу ягу къагъэкIыж и хъыбархэр щIэблэм хуаIуэтэжу къокIуэкI.

КIЭМАЦ 1915 гъэм мэкъумэш унагъуэ къыщалъхуащ. Абы и адэ-анэм щIалитф зыздагъуэтауэ, зэгурыIуэ-зэдэIэжу псэурт, быным я нэхъыжьри езырат. КIэмац пасэу зеиншэу къэнати, щIэныгъэ-Iэщ1агъэ зригъэгъуэтыну хунэсакъым. И къуэш нэхъыщIэхэр зыхуей хуигъэзэн хуейти, губгъуэм лэжьыгъэ илъэхэу зывыIэнутэкъым. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэIэззу, пхъэми гъущIми ирилажьэу, цIыху Iэпщ1эльапщIэт Шурдымыр.

ЩIалэ гуащIафIэм хуэм-хуэмурэ мэл хъушэ, шы гуартэ зэригъэпэщащ, Iэщ1ишхуи зэрихэрт. КIэмац гъавэри берычэту кехьулIэрт. А псори и цIыхуфIагъым пэкIуэжу гъащIэм хуигъэбагъуэ хуэдэт - къуажэм хуэмышIа, зеиншэ, сымаджэ дэсхэм я цIэунэцIэр тхауэ иIэти, гъавэр кърихьэлIэжа нэужь, унагъуэ-унагъуэкIэ яхуигуэшырт.

Апхуэдэу, КIэмац псапащIэу хэIуащ жьилэм. ЛIы хьэлэлыр унагъуэ хъуа нэужь, зэщхьэгъусэхэм бынипIе зздагъуэтащ, къищынэмыщIауэ, сабий зеиншитI кхъахри я быным пащIу япIыжауэ, дэтхэнэри унагъуэ щхьэхуэу ягъэтIысыжауэ жаIэж кхуажэдэсхэм.

КIэмац и щхьэгъусэр уэркъ унагъуэ къыхэкIат, ПщыгъэушхэяпIхъут, политикэ Iэхуэ кIэлей зытекхьаxэм ящыщт. Арами, гъащIэм и зэхэзэрыхьыгъуэм я мылъкур ягъэпщкIуфати, дыщэмрэ дыжьыныжьмрэ хуэм-хуэмурэ къызэкъуахыжьырт, ящхьажьмэ мэжащIалIэ, сымаджэ, зеиншэ дэсмэ, зыщIагъакъуэрт. Хэку зауэшхуэр кхъхьея нэужь, зэщхьэгъуситIым апхуэдэу цIыху щэ бжыгъэхэр ажалым къыIэщIахауэ щытащ.

ЦIыхухэм ягу ихуакъым КIэмац Iэхуфlу илэжьар - 1968 - 1984 гъэхэм ар КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щыта Къущхьэ КIыщыкIуэ и дэIэпыкъуэгъуу, и чэнджэщагъуу лэжьащ.

«АдэфI къуэфI хуэщ-къым» жыхуаIэ псалъэжьым пэщIэувэу, и щIалэ закъуэри цIыху нэсу игъэсащ КIэмац. Абы и къуэ Хьэсэн бгъэдэлъ Iэщ1агъэмрэ щIэныгъэмрэ зымыгъэщIагъуэ жьыи щIэи дэскъым Зеикъуэ къуажэм, и адэм хуэдэу колхозым илъэс куэдкIэ щылэжьащ. КIэмац и нысэ Римм зыхэхуахэм яхуэфэщэн цIыхуфIу, гуапэу, псэ хьэлэлу къыщIэкIащ - унагъуэм исхэр я фэкIи я ныбжьи зыхуей хуигъазэу быныфI иплащ.

КIэмац и быни, абыхэм я быныжи а пщIантIэрат къызыдэхъукIари, берычэтыр зэи я лъапсэм икIаркъым, Шурдымхэ я ерыскъы зыIумыхуарэ, Iэхуэфl гуэркIэ зыльъэмыIэсарэ Зеикъуэ зы унагъуи дэскъым.

ЛIы нэс и хьэлу, Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, лъахэр зыхъумахэм ябгъурыуващ КIэмац, ар ящыщщ Берлин нэсахэм.

Зауэ губгъуэм лIыхъужьыгъэ щыIэзрихьэу итами, КIэмац зэи зы хъыбар жилэжу, и щхьэ щытхъужу зы цIыхум зэхихакъым, ауэ къыдэзэуахэм яIэтэж а цIыхухъу щабэм лIыгъэу къыльыкъуэкIар зыхуэдизыр.

- КIэмац си адэшхуэм и адэжураш. Си сабиигъуэр анэшым щыхьащ. Абыхэм библиотекэшхуэ къыззрагъэпещащэ яIэт, тхыль гъэщIэгъунэхэр щыззэхуэхьэсауэ. Си анэдэлъхур а тхыльхэм къысхуеджэрт. Литературэр, тхыдэр, си лъахэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар арауэ жьлIэ хъунущ. КIэмац и дуней тетыкIар си щапхъэу, си лъахэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар арауэ жьлIэ хъунущ. КIэмац и дуней тетыкIар си щапхъэу, абы теуху хъыбар гъэщIэгъуэнхэм гукъыдэж къызату сыкъэтэджащ. Сропагэ, сроГушхуэ. 2013 гъэм Москва къыщыдэкI журнал гуэрым къытехуауэ щытащ КIэмац теухуауэ си шыпхъумрэ сэрэ дгъэхьэзыра тхыгъэшхуэр. Шурдымхэ я щIэблэм и закъуэ мыхъуу, жылэ псом щапхъэ яхуэхъуу щыта КIэмац дунейм тетыху и лъапсэжьым псори дыщыззхуэсыжу щытащ ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу. Ди нэхъыжьыфIыр къызэрытэмытыжрэ илъэс куэд щIащ, арами, накъыгъэм и 9-м лъэпкъыр дыззхохьэ, дадэ и махуэр догъэлъапIэ, - жеIэ КIэмац и къуэрылъхум ипхъу Пщыгъэунэ Марьянэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

КIэмац-дадэ и махуэ лъапIэр илъэс къэс догъэлъапIэ

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэ цIэрыIуэм хэту 1942 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм зауэм Iухьахэм ящыщщ Къуэжей Хьэжмэт Нэиб и къуэр. Ростов областым и Сальск губгъуэхэм, Къалмыкъым, Сталинград и Iэшэлъашэм и нэгу щыщIэкIар псэуху щыгъупщакъым. А щIыпIэхэм щекIуэкIа зауэр лъыгъажэ дыдэт. Топхэм я уэ макъымрэ танкхэм я гуаухъуэмрэ зэхьхьэжьырти, щIылъэр зэщIащтэрт. Iугъуэмрэ гъуэзымрэ нэр ягъаплъэртэкъым. Iэщ1экIэ, техникэкIэ, цIыхукIэ кьебэкIими, 115-нэ щууей дивизэм и командирхэмрэ зауэлIэмрэ бийм хахуэу япэщIэтт. МазилIым нэскIэ екIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм я ужькIэ, хэщIыныгъэшхуэ зыгъуэта дивизэм щыщу кьелахэр 4-нэ щууей корпусым хагъэхьащ...

IэщIэ къыщищта махуэм щегъэжьауэ бийр я гъуэм ираукIыхьыжьыху Хьэжмэт кьикIуэтакъым - щхьэмыгъазэу фашистхэм езэуащ, фронтым и Iэнатlэ нэхъ гугъу дыдэхэм Iутащ. Зэкъым е тIэукъым псэзэпылъхьэпIэ бзаджэм къызэрихутар, ажалым и нэгу зэриплъар. Ар ящыщу Краснодар щIыналъэр, Сталинград къалэр зэрыпхъуакIуэхэм ящызыхъумахэм, Украинэр, Мэжэрыр, Польшэр хуит къызэщIыжахэм, Берлин нэсахэм.

Фашистхэм зэщIагъэна мафIэм щIалэ дыдэу хьхьами, Къуэжейр зэпIэзэрытт, ихьу-ипкIагъ хэлъэкъым, щытыкIэр зыхуэдэр зэпымыууэ зэпэшэчын зэрыхуейр фIыуэ къыгурыIуэрт. ЗэрыпхъуакIуэхэр кьебгъэрыкIуэри, дэнэ щIыпIэкIи я гарнизонхэр щагъэувырт. Ахэр зэхэкъутэн хуейуэ унафэ щIыIэти, Хьэжмэт зыхэт гупым а къалэн гугъур пщэрылъ щащIырт. 1942 гъэм и бжьыхьэм къуриубыдэу апхуэдэ быдапIэ зыбжанэ Къалмыкъым и щIыналъэм щызэтракъутащ. Оми-Керюльчи жылагъуэм къыщызэрагъэпэща гарнизоным щытеуам фашист куэд зэтрауIащ, Iащэ-фащэ хъумапIэхэр ягъэсащ. Бийм и щIыб къыдыхьэу хьэжэпхъажэ зэращIам, зэмыджахэм удыныщхъэ зэрырадзам къыпэкIуэу, ди зауэлIхэм къэрал дамытъэхэр къыхуаГъэдэхущ. Къуэжейри гулъытэншэ хъуакъым - «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медалыр къаратащ. Деде-Ламин къуажэм щIыпIэ фашистхэм я тIасхъапIэр къащIэн щхьэкIэ, «ззэгуфIэн хуейт. Ар Хьэжмэт зыхэт гупым къалэн щащIати, гъуэгу ззэхэкIыпIэм зыщагъэбыдэри, бийм пэтIысащ. Куэд дзэмыкIыу, нэмыцэ зауэлIхэр зэрыс транспортыр къыкъуэкI. Офицерхэм я автомашинэ псынщIэр абы щIыгъут. Гъунэгъу зэрахэхъуу, яхэуэу щIадзэри, хьэлэч зэтращIэ, къьелахэр гъэр къащI. Зыхуейхэр кърагъэIуэтати, хэщIныгъэ щIагъуэ ямыIэу гарнизоныр къащтащ. А щIыпIэм къаруушхуэкIэ танкыдзэ къыхуеIэрт. Зэхуэу гуащIэ къазэрыпэплъэр бзянти, ди сэлэтхэм абы зыхуагъэхъэзырыкIуами, ебгъэ ерур благъэкIакъым, удынышхуэ ирадзри, къызэтрагъэувыIащ. Абы щыгъуэ къыгъэпльагъуэ хахуагъэм папщIэ «Вагъуэ Пльыжь» орденыр Къуэжейм къыхуагъэфощащ.

Сальск, Къалмыкъ губгъуэхэм ди щIалэ куэдым я щхьэр щагъэтIыпльащ. И напсыр къихьу а мафIэ лыгъэхэм къапхыкIа адыгэлIым иджыри илъэсищым щIигъу гъуэгуанэ хьэлъэ къыпэщIылът. Фашистхэм зэрахьэ лейм лъыщIэж зауэр нэхьри зэщIигъапIэрти, къэщIэхэрыIуэхэм дэнэ къэпкъ хуаIэтэкъым. Совет-герман фронтым зэхъуэкIынигъэфIэр къыщыхъурт, ди дзэхэми ерыщу зэрыпхъуакIуэхэр къуэкIыпIэмкIэ яхурт.

Махуэ гуэрым Хьэжмэт зыхэт полкыр, загъэпсэхун мурадкIэ, мэз лъапэм къыщоувыIэ. ЕтIысхэну хунэмысу фочауэ макъхэр къоIу - зэрымыщIэкIэ нэмыцэ зауэлI гупышхуэм ятъыхьауэ арат. Iуэхур Iэпщэрыезауэм хуэкIуати, «джатэ и щIагъ нанэ щыIэжтэкъым». Абдежми ди щIалэхэм фрицхэр лъыкIпсыкI щащIащ. А псэзэпылъхьэпIэм къыщыгъэпльэгъуа хахуагъэм къыпэкIуэу, «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» етIуанэ медалыр Къуэжейм къыхуагъэфэщащ.

КъБАССР-м юстицэмкIэ и министру, и ужькIэ республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и тхьэмадзу лэжьа Куэтэншы тIалэ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэ цIэрыIуэм и тхыдэм кууэу щыгъуазэт. Абы хэту зэуат, дивизэм зэрихьа лIыгъэр, ди щIалэхэм я щхьэм ярикIуар и нэгу щIэкIати, а псори зэкIэлъыхьауэ итхьжжауэ щытащ. ТIалэ и тхыльым Къуэжей Хьэжмэт увыпIэ щхьэхуэ щеубыд. Куэтэншым абы щетх:

«Си взводым и тIасхъэщIэх Къуэжей Хьэжмэт Нэиб и къуэмрэ сэрэ зауэ гуащIэ куэдым дыздыхэтащ. ЩIалэ аХъырэмант, хъыжьэт, шынэ жьыуаIэр ищIэртэкъым, ауэ кърикIуэнкIэ хъунум емыгупсысауэ, зэпимышэчауэ хэлъэдэнутэкъым. НыбжьэгъуфIт, цIыху пэжт, губзыгъэт, губгъуэм укъринэнутэкъым. СыуIэгъэу щэнейрэ зэуапIэ Iэнатlэм сыкъыIуихащ. Япэм щыгъуэ Ростов областым, адрейр - Польшэм и щIыналъэм, ещанэм - Берлин дыназлгъэауэ. Къыздалъуами ярейуэ, зауэ хуэIухэщIэхэм хуэIэззт, куэд зэпилъытыфырт, бийм дыщебгъэрыкIуэкIэ, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр Iэрыхуэу кьигъэсэбэлырт. Ныбжьэгъум щхьэкIэ и псэр итыну хьэзырт, мафIэ лыгъэм хыхьэфынут. Ар мызэ-мытIэу згъэунэхуащ. Зауэ нэужьми дызэфIэкIуэдакъым, дызэхуэзэрт, ди нэгу щIэIалэхэр зэхуэтIутэжкIэрт, Iэржи дигу къэдгъэкIыжьырт».

Зауэ гущIэгъэнщэм хахуэу зэрыхэтам и щыхьэту, Хьэжмэт къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфащащ. Апхуэдэщ «Вагъуэ Пльыжь» орденыр, «КъигъэлъэгъуэА лIыгъэм папщIэ» медалитIыр, «Берлин къызэращам папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр, СССР-м Iэмэкъэ Зэщ1эузэда и Къарухэм я Командующэ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф и фIыщIэ тхыльыблыр.

Гугъуехьэхэм ипсыхьауэ къэзыгъэзэжа зауэлIым Нобэ-Хьэмидей щхьэжьм щыгъэхэта мэкъумэш хозяйствэм и зыужьыныгъэм и гуащIэ хьэлэл хилъхьащ, Iэнатlэ хэпльыхь имыщIу, щытхъу пылъу и Iэхуу Iыхьэр ирихьэкIащ. Дунейм зэреклъэкIыу щIами, гуапагъэр къызэбгъэкIыу псэуа ветераныр ящыгъупщэркъым, и блэкIар яфIэльатIэу, и фэеплъым пщIэ хуащI.

ДЭЦЦЫРХЪУЕЙ Мусэрбий.

Джатэ и щIагъ нанэ щыIэкъым



Музей нэхъыфIхэр

Ди къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 72-рэ щрикъум ирихьэлIэу Бахъсэн щыналъэм щекIуэкIащ школ музейхэмрэ Зауэ щIыхьым и пэшхэмрэ я еплъыныгъэ-зэпеуэ. Район администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Улымбащ Лерэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, абы хэтащ школ музейрэ Зауэ щIыхьым и пэшу 22-рэ.

ЗЭПЕУЭМ и къэпщытакIуэ гупым хэтхэм ягъэбелджылащ фIым я фIыжхэр. «Школ музей нэхъыфI» унэтIныныгъэм пашэ щыхъуащ Крем-Константиновскэ жьлэм дэт курыт школым и музейр. «Зауэ щIыхьым и пэш нэхъыфI» унэтIныныгъэм щытекIуащ Куба къуажэм и курыт школ №2-м и къуэдэ пэшыр.

Къыхэдгъэщынщи, щIыблэр хэкупсэу гъэсэныжьмкIэ, я къэухьым, гупсысэм зегъэужьыныжьмкIэ школ музейхэр хуабжьу дэIэпыкъуэгъуушхуэщ. Абыхэм класс сыхьэтхэр, «ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэр» щрагъэкIуэкI, щалъхуа щIыпIэм и тхыдэм щыгъуазэ зыщцыхуащI. Музейхэм къыщызэрагъэпэщ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зэIущIэхэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Хъуэхъу

Фыузыншэну, ди нэхъыжьыфIхэ!

ТекIуэныгъэм и махуэр лъапIэщ лъыгьажэм хэту лIыхъужьыгъэкIэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр изыгъэкIуэтахэм я бынхэм дежкIа. Сыт хуэдиз зэман дэкIами, а зауэ гуащIэм и махуэ лыгъэхэр зэи ди гум ихункъым, дронэщхьеи абы куэд зэрыхэкIуэдам.

ДИ ЩХЬЭР яхудогъэщхъ ТекIуэныгъэ Иным зи псэр щIазытахэм. Гум иль эпытщ хэкIуэдахэм я хъыбарегъащIэ гуузэр, я сабиигъуэм лъапIэу, пщIанэу, ныбэнэщу, гугъуехь инхэм пэщIэту къэхъуахэр. Абыхэм ящыщу нэхъ къэжэпхъахэр яхэтащ къэрал якъутам и къали къуажи зэфIэзыгъэувэжахэм, ЩIыщIэхэр къэзыIэтахэм, Сыбыр Жыжьэри, хьэршри, нэм къимыщтэ атомри къэзыгъэIурыщIахэм.

Зауэм и бынхэм сынывохъуэхъу текIуэныгъэмкIэ! Фыузыншэу, къэралым и гулъытэ фызыщыщIэр сыт и лъэныкъуэкIи иригъэкъужыну дыхуейщи, абы дытелэжьэнуц. Фыузыншэну, ди нэхъыжьыфIхэ!

ЩЭУЕЙ Мидэ,
«Зауэм и бынхэр» Къэбэрдей-Балъкъар щIыналъэ зэгуэхьныгъэм и унафэщI.

Мы махуэхэм Налшык и сабий гъэсапIэхэм цIыкIухэм сурэт щытрах сэлэт фащэ ящыгъуу. Апхуэдэ сурэт гуфIэу къэзыхьыжахэм ящыщщ Мэсей Iэдэм. Балигъхэм ди хъуэпсапIэщ ди щIэблэр мамыру псэуну, зауэжыну, я щIэныгъэрэ дуней тетыкIэкIэ Хэкумрэ къызыхэкIа лъапкъымрэ ягъэбжьыфIэну.

● Хэку зауэшхуэм хэта цIыхубз цIэрыIуэхэр

Сытми щымышынэу

Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэу Дзэ Плыжьым зэи бзылъхугъэ хэтакьым, къэрал гъунэгъухэм къутыкъу щызыщIэ я щхьэгъусэхэм ящIыгъуэ фIэкIа. 1941 гъэм зыщцхьэуIу маззм гурыIуэгъуэ хъуат - дзэм цIыхубзхэри ираджэн зэрыхуейр.

ЯтэщIыкIэ абы медицинэ Iэзхуэц нэхъибзу зэрахьар, ауэ хуэм-хуэмурэ связист, телефонист, радистхэр ягъэхьэзыру щIадзащ. Ауэрэ, зенитнэ къудамэхэм илъэс 18-25-м ит пщащэхэр куэду хагъэхьащ. Абы джаи къыщыуыIакъым, авиацэ полк нэгъунэ хэзэрагъэпэщащ, цIыхубз фIэкIа хэмыту. Апхуэдэурэ, 1943 гъэм ирихьэлIэу, Дзэ Плыжьымбзылъхугъэ мелуани 2,5-рэ хьыхат.

Зенитчицэхэр

Сыт хуэдэ зэхэуэ гуащIэми щымышынэу, а хъыджэбз хахуэжи я кьалэныр ягъэззэщIащ. Сталинград къеклуэпIа фашистхэр советыдзэм къыщиухъуреихьам, Германием и хьэуа флотыр кьраджауэ щытащ, ахэр зыдагъэIэпыкьун я гуэш. Ауэ пщащэ-зенитчицэхэм бийр жьыжьэрэ гъунэгъу Сталинград, иратащIэкIуэпIакIыхьэ - мазитIым кьриубыдэу абыхэм нэмыцIэ кхъухьлъатэ 1000-м щIигъу кьрадудыхащ. Апхуэдэ зэи зыщIыпIи щалъэгъуатэкъым зэрыпхъуакIуэхэм.

«Жэщтеуэхэр»

1943 - 1944 гъэхэм подполковник Бершанская Евдокие и бомбардировщик полкыр У-2 кхъухьлъатэхэм ису жэщкIэ теуэзу щытащ Керчь хытыгуныкъуэр зыубыда нэмыцIэ зэрыпхъуакIуэхэм. ИужькIэ, 1944 - 1945 гъэхэм, полкыр Белорус фронтым щыIащ, маршал Жуковым и дзэм дэIэпыкъуу.

У-2 кхъухьлъатэхэр, жэщрат узгум щихьэр. Ахэр фронтым километри 8-10-кIэ нэхъ пэмыжьжьэу щыт. Зы жэщым къриубыдэу 10-12-рэ узгум ихьэрт, бомбэ килограмм 200 зы зыIэтыгъуэм кьыздищтэфырт, километри 100-кIэ лъатэрт. Абы и закъуэкъым. 1944 гъэм фашист зэрыпхъуакIуэхэм ятэщIэувэу Польшэм зыкъыщыIэтахэм Iэщэ, ерыскъыпхъэ, щэ, хущхъуэ хурадзыхэу щытащ «жэщтеуэхэм».

Лилие Хужь

Ипщэ фронтым, Мелитополь деж, истребитель цIыхухъу полкым зы пщащэ яхэтащ кхъухьлъатэзехуэу, «Лилие Хужь»-кIэ еджэу (и кхъухьлъатэм лилия хужь тещIыхьат).

Зогуэр полкым унафэ игъэзэщIауэ кьэлъэтэжырт, Лилие Хужьыр и кIэм иту. Полкым и кIэр дзыхь кьыпхуащIыныр - щIыхьышхуэт, псом нэхъпэ уэзрынэхъ Iэзэм и щыхьэт ар. Ме-109 нэмыцIэ истребителыр кьещIакIуэу кьыщIэкIащ пщащэм, пшэм зыхигъэпщкIухьауэ. Фашист кхъухьлъатэзехуэр Лилие Хужьым и ужьым къиувэри, кьеуащ. Пщащэм и кхъухьлъатэм Iугъуэ фIыщIэр кьыпихыу зыкъигъазэри, нэмыцIэ истребителым ебгъэрыкIуащ икIи кьигъэзэжакъым.

ИужькIэ, зауэр иухауэ, Донецкэ областым хьыхэ Дмитриевкэ къуажэм щыщ щIалэ цIыкIухэм хьэдэ кьупщхьэ гуэр кьагъэтауэ щытащ. Къэпщытэны-гъэхэм кхъэзрагъэлъэгъуамкIэ, ар Лилие Хужьрат.

Мисс Павличенкэ

Приморскэ Дзэм зы пщащэ закъуэ яхэтащ. Ар снайпер Павличенкэ Людмилэт. 1942 гъэм ирихьэлIэу абы фашист 309-рэ иукIат, 36-р снайперу.

А гъэ дыдэм Канадэмрэ США-мрэ лIыкIуэу ягъэкIуа гупым яхэтащ Павличенкэрэ. Зэман кIащI дыдэкIэ цIэрыIуэ хъуэ пщащэм США-м и президент Рузвелт Франклин кхьихуэзат, снайпер цIыхубзыр игъэщIагъуэу.

Совет Союзым и лIыкIуэхэр зыхэта пресс-конференцым Павличенкэр кхъыщипсэлъащ. Абы и анэр инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэу лажьэрти, и пхъум бзэр фIыуэ иригъэщIат. «Ныбжьэгъухэ! Сэ сыцIыхубзщ, илъэс 27-рэ сыхъуу аращ. Фашист 309-рэ сыукIащ зауэр зэрыщIидзэрэ. Куэдыгъэрэ си цIыбагъ фыдэтауэ кхъыщыхъуркъэ?!», - Америкэ псом зыхуигъазэу жиIат пщащэм.

Рузвелт и щхьэгъусэ Элеонорэ ныбжьэгъушхуэ кхъухэхъури, и нэгу зригъэужьыну, къэралыр иригъэлъагъуну иригъэблэгъауэ щытащ. Гатри Вуди, америкэ уэрэджвIакIуэм, «Мисс Павличенкэ» уэрэдыр тыгъэ кхъухиущIат снайперым.

И лIым илъ ищIэжащ

1941 гъэм, Кьухьэпlэ фронтымкIэ щыIэ танкист ротэм и командир, капитан Октябрьскэр зауэм хэкIуэдат. Абы и щхьэгъусэ Марие мурад ищIащ и лIым илъ ищIэжыну. Мылъкуу иIэр ищэжри, ар Сталиным хуэтхащ, къыщIэкIа ахъшэмкIэ Т-34 (и щхьэгъусэр зэрысу щытам хуэдэ) танк кьищэхуну, фронтым кIуэну хуит кьищIыну. Сталиным унафэ ищIащ танк училищэм Марие щIагъэтIысхьэну, танкым исыфу зригъэса ныжьэи зы кьрату зауэм ягъэкIуэну. Октябрьскэр 1944 гъэм уIэгъэ хъурт, абы кьелажьэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Хэку зауэшхуэм и зэманым КъардэнгъущI Зырамыку и нэгу щIэкIа псэзэпылъхьэпIэхэм ящыщу къыдэтэжауэ щытащ мы хъыбарыр.

Си Iэхэр сотхьэщI

ПЩЭДДЖЫЖь къэс гъэрхэр мэлым хуэдэу дызэхуахусурэ Iуэм дыкъраухуурэ дагъэлажьэрт. Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым дэ тщыщ зытIыц шхын щхьэкIэ мылIэу. Дапщэрэ Iуэм дыкъыдахуами, набдзэгубдзапIлъэу сызэпIльар абы нэхъ тыншу сикIа зэрыхъунырц. Си ажалыр хэлъми, Iэмал имыIэу нэмыцIэуэм сикIуэскIыну быдэу мурад ещIати, зы Iэмал къызогъуэт. Шхын щхьэкIэ силIыкь нэхърэ нэхъыфIт.

Арати, зы жэщ гуэрым, жейр щыIэфI нэхущыи ирихьэлIэу, хъумакIуэр зытес лъагапIэм и щIагъыми-кIэ сыкъыщIокIуэсыкIри, Червонэ Октябрь къуажэшхуэм нэху сыкъыщокI. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхэзэхуэн ящIа къуажэдэхэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, уэрамым ерагъкIэ ущыззблэкIыфу арат. Абы-хэм сахэту сыздэкIуэм соплъэри, зыгуэрхэм пщIантIэм кIэртIофэ щызэхадзу самэм бгъэдэсу сольагъу. «КIэртIофэ гъэва сагъэзыхынщ», - жызоIэри сахотIысхьэ. Бзыхэри гуапэу кхъыслуощIэ. КIэртIофэ зэхэздзу щIэздза къудейуэ пщIантIэм нэмыцитI кхъудольадэ: «Уэ ухэт? Дэнэ укъикIа? НакIуэ ди гъусэу», - жаIэри срахужьэ.

Куэд дэмыкIыу унэшхуэ гуэрым дыщIохьэ. Унэм кIэлындорышхуэ кIуэцIрокI. Абы и кIэ дыдэм и деж зытхьэщIыпIэ фIэдзащ, и щагъым тас щIэтщ. Абдежым телъ сабиныр къасщтри си Iэм щысхуащ. Си ужь ит нэмыцIэхэм си Iэр сщIыурэ езгъэлъэгъуащ пэшыр: «Фэ фынакIуэ, сэ си Iэр стхьэщIынщи сынышщыхьэнщ». Кхъэздалуэхэри зблэкIащ.

Си Iэхэри стхьэщIащ. АдэкIэ сщIэнум сегупсыу сыздэщытым, унэр зейр кхъыщIэкIауэ сольагъу. Си Iэр си Iупэм Iуслъхьэри езгъэлъэгъуащ, зыри жумыIэ жыхуэсIэу. Мыдрейми, «хъунц», жиIэри игъэзэжри щIыхьэжащ. Сэ псынщIэу унэм сыкъыщIэжщ, уэрамым дэт цIыху Iувым захэзгъэгъуащэри, зызгъэбзэхауэ щытащ.

Зытхыжар
ЯХЭГУАУЭ Бердщ.

● Хъыбар

● Псалъэжьхэр

Зэхэгъэж ищIыркъым

♦**Дауэ делэгу щыIэщи, зауэ делэгу щыIэкъым.**
♦**ЗауэфIрэ дауэфIрэ щыIэкъым.**
♦**Ди унэжь и пхъэжь мафIэ.**
♦**Дзэм хамэ хэткъым.**
♦**Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым.**
♦**Хэкужьыхьэ лъэщщ.**
♦**Зауэм и кIэр хьэдагъэщ.**
♦**Хамэ хэку сыщытхъэ нэхъ си хэкужь сыщыIэ.**
♦**Дзэм иуфэкъэ лъэхэрэ мащIэр зыпхыкIа хадэрэ.**
♦**Шэм зэхэгъэж ищIыркъым.**
♦**ЛIыгъэ щIапIэ лIы икIуэдэркъым.**
♦**Джатэ и щIагъ нанэ щыIэкъым.**

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 3.** ... и пIэ ... къокIэж. **6.** А къуалэбзум нэ хуащIати, «нэгдзэ» жиIащ. **8.** Бадзэ цIыкIу лъыиф. **9.** Дохутырэм жаIэ: «УгъуэлъэыжьынипIэ ... кьабзэм хэтын хуейщ». **10.** МуслъымэнI диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **12.** Адыгэ уэрэджвIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **15.** Iэпслъэпс. **17.** ХъумакIуэ, кхъэрэгъул, ... **19.** Абы щыгъэ лъапIэ кхъэщIыкI хабзэщ. **21.** Уи ... епIби, уи пIэ хуэдэущий. **22.** ЩэкI бзыхьэхуэ. **25.** ЩIалэ бжьыфIэм Iэпкъ-лъэпкъ ... иIащ. **26.** Пашэ. Е лэжьакIуэ ... **28.** ... тхьэгъу. Е ..., е Iэлъын. **30.** Гъэш, псы хуэдэхэр зракIэ кумбыгъэ. **31.** Игъуэ нэмысу дунейм ехьжа адыгэ художник цIэрыIуэ. Кхъэзралъхурэ мы гъэм илъэс 75-рэ ирокIу. **34.** ПхъэщхьэмыщхьэI. **35.** Нартыху хъумапIэ. **38.** Чехиеи и кьалащхьэ. **39.** Iэзэ кьашэри ... ирищIщ. **40.** БжэкI ... макъ кхъэIащ.

***Къехьу*: 1.** Уэрэджы-IакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **2.** Адыгэ композитор гъуэзэджэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща. **4.** Мынэхъыжь, мынэхъыщIэ. **5.** Адыгэм ящыгъуу щыта лъахъстэн ванкъэ пIащIэ. **7.** ЩхьэхуитI-мыту яIыгъ цIыху. **11.** Адыгэ зауэлI хахуэу щыта, Совет Союзым и Лыхъужь. **13.** Адыгэ къэфакIэ. **14.** А къэралым Аятоллар щынэхъыщхьэщ президентым нэхърэ. **16.** А унэцIэр зэрахьэ тхакIуитIым - тIури Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэщ. **18.** Унагъуэм хьэщIэ ... къьхуеблэгъащ. **20.** Къуажэм, республикэм, къэралым я блэкIа зэман. **21.** США-м и президент. **23.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **24.** ЩIалэщIэр илъэс **18** ирикъуамэ, и ... кIуэгъэщ. **25.** Лъэпщ и Iэмэпсымэ. **27.** IэщIэвыщIэ. **29.** И нэ ... техуа хуэдэ, къежьихь. **31.** «ФIыцIэ» псалъэм и пIэкIэ ари кьабгъэсбэп хъунущ. **32.** ЗыкъызыфIэщIыжа, зи пэр дзэыIэтей. **33.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **24.** ЩIалэщIэр илъэс **18** ирикъуамэ, и ... кIуэгъэщ. **25.** Лъэпщ и Iэмэпсымэ. **27.** IэщIэвыщIэ. **29.** И нэ ... техуа хуэдэ, къежьихь. **31.** «ФIыцIэ» псалъэм и пIэкIэ ари кьабгъэсбэп хъунущ. **32.** ЗыкъызыфIэщIыжа, зи пэр дзэыIэтей. **33.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар уи пашэмэ, вэнвейм ухешэ. **34.** ... бэлъ-току. Е ... щэкI. **36.** Лэскэн районым хиубыдэ къуажэ. **37.** Пхъурылъхур къихьэмэ, псатхьэр ...

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 1.** Сэмб. **3.** Псыжь. **6.** КIуэдыжьыгъуэм. **7.** Къауц. **8.** Пхъужь. **9.** Сеул. **12.** Суэрэ. **13.** КIэбгъу. **17.** Зэрэгъыж. **19.** Бу. **20.** Бо. **21.** Ухэныпэ. **26.** Гъэмэб. **27.** Бгым. **31.** Къэхъун. **33.** Бзу. **34.** Пхъэр. **35.** Пщэдджыжьым. **36.** Мащэ. **37.** Хъурмэ.

***Къехьу*: 1.** Сэдэкъэ. **2.** Бжьэхуц. **3.** Пхъэпс. **4.** Жьыджалэ. **5.** Ажахъэ. **10.** Аркъэ. **11.** Хьэсы. **12.** Сэ. **14.** Гъуо. **15.** Пэгъунэ. **16.** Гъубж. **18.** Хон. **22.** Хамэ. **23.** Пагэ. **24.** Егъу. **25.** Къум. **28.** Акъылым. **29.** Бзаджэ. **30.** Арэгьынэ. **32.** Нащхьэ. **34.** Пщыпхъу.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 11-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; редакцэм и унафэщI - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапи Iэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкъ Сонэ,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Иэз,** *корректорэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №557